



Revni Sekirite Siplemantè (SSI) nan Kalifòni

Ki sa ki andedan

| | |
|---|---|
| Ki sa SSI ye? | 1 |
| Asistans medikal | 2 |
| Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) | 2 |
| Lòt sèvis sosyal | 2 |
| Montan pèman mansyèl SSI | 2 |
| Pou kontakte Sekirite Sosyal | 3 |

Ki sa SSI ye?

Revni Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Income, SSI), se yon pwogram federal ki bay pèman lajan kach chak mwa pou moun ki nan bezwen. SSI se pou moun ki gen 65 an oswa plis, ansanm ak moun ki avèg oswa ki andikape ki gen nenpòt laj, san wete timoun.

Pou kalifye pou SSI, ou pa dwe gen anpil revni oswa ou pa dwe gen revni ditou epi kèk resous. Valè bagay ou posede yo dwe mwens pase \$2,000 pou selibatè oswa mwens pase \$3,000 pou koup ki marye ki abite ansanm. Nou pa konte valè kay ou vo si w abite ladan l, epi, abityèlman nou pa konte valè machin ou vo. Nou ka pa konte valè kèk nan lòt resous ou yo vo nonpli, tankou yon plas nan simityè.

Pou resevwa SSI, ou dwe aplike tou pou nenpòt lòt benefis gouvènman an ou ka elijib pou resevwa. Ou dwe abite Ozetazini oswa nan zile Maryàn Nò yo pou resevwa SSI. Si w pa

yon sitwayen ameriken, men ou abite Ozetazini legalman, ou ka toujou kapab resevwa SSI. Pou plis enfòmasyon, li *Supplemental Security Income (SSI) for Noncitizens* (Piblikasyon No. 05-11051-HC).

Leta Kalifòni ajoute plis kòb sou pèman gouvènman federal la. Sèl pèman ou resevwa nan kòmansman chak mwa a genyen ladan l ni pèman federal SSI la ni sipleman Kalifòni mete sou li a.

Asistans medikal

Si w resevwa SSI, abityèlman ou ka resevwa asistans medikal (Medi-Cal) otomatikman. Li pa nesesè pou ranpli yon aplikasyon separe pou Medi-Cal. Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan Medi-Cal, kontakte biwo lokal sante oswa sèvis imen nan konte w la.

